

Yon gid pou imigran yo

Fanm ansent yo

Si pa yon sitwayen epi ki ansent kounye a, oubyen w ap panse pou w vin ansent, men sa ou bezwen konnen sou chanjman Medicaid k ap vini yo:

- Sèten gwoup moun ki pa sitwayen ki legalman prezan tankou refijye, moun ki jwenn azil, ak sivivan trafik moun pral pèdi aksè a Medicaid an 2026.
- Sepandan, **li enpòtan pou konnen ke fanm ansent ki legalman prezan ap kontinye kalifye pou Medicaid** apre 1ye oktòb 2026, nan yon *pakèt sityasyon imigrasyon*.
- Esansyèlman, tout fanm ansent ki legalman prezan, nan *nenpòt fòm estati imigrasyon*, elijib pou Medicaid eksepte moun ki gen DACA. Fanm ansent yo dwe satisfè lòt kritè pou yo kalifye pou Medicaid, tankou revni.
 - Pwoteksyon Medicaid pou fanm ansent dire jiska 12 mwa apre akouchman.
 - Pa gen peryòd datant pou fanm ansent ki pa sitwayen ameriken pou Medicaid – yo ka kalifye imedyatman si yo ansent.

ENPÒTAN:
Moun ki pa sitwayen
– tankou fanm
ansent ak timoun
ki poko gen 19
an – ap kontinye
kalifye pou
Medicaid apre 1ye
oktòb 2026, menm
si yo poko gen kat
rezidan pèmanan
(green card) yo.



Pou aprann plis bagay sou konfidansyalite done lè w ap aplike pou pwogram yo, vizite: ncjustice.org/data-privacy.

Ekip k ap defann
dwa imigran ak
refijye yo pwoteje
epi defann dwa
imigran ak refijye
yo lè l ankouraje
politik piblik ki
favorize imigran epi
lè l bay
reprizantasyon
legal estratejik.

- Fanm ansent ki kalifye pou Medicaid yo enkli moun ki gen kat vèt, refijye, moun ki resevwa azil, aplikan azil, viktim vyolans domestik, moun ki gen viza travay, moun ki gen viza etidyan, moun ki gen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS), viktim trafik moun, ak anpil lòt ankò. Pou yon tablo konplè sou estati kalifye yo, tanpri vizite: [NC-Elijibilite-Asirans-Sante-pou-Imigran-2026-ANGLE.pdf](#).
- Fanm ansent ak fanm k ap bay tete, kit se nan nenpòt sityasyon imigrasyon, oswa ki *pa gen okenn sityasyon imigrasyon ditou*, ka kalifye pou:
 - Medicaid ijans pou kouvri tranche avan ak akouchman, ansanm ak swen lopital apre akouchman.
 - Pwogram Nitrisyon Sipleman tè pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC).

PLIS OPSYON SWEN SANTE:

Pou jwenn èd pou jwenn swen sante ak medikaman sou preskripsyon ki gratis oswa ki pa koute chè, pou aplike pou benefis, pou jwenn manje lokal oswa opsyon lojman ak plis ankò, gade fèy Resous sante nou an nan www.ncjustice.org/health-resources

